Nwayad se koz prensipal lanmò envolontè aksidantèl nan timoun ki gen ant laj en an a kat an.

Pou plis enfòmasyon sou zafè sekirite nan kay, oswa nenpòt lòt sijè sou zafè elve timoun, rele Liy Asistans Telefonik pou Paran Florid lan (Florida Parent HelpLine) nan 1-800-FLA-LOVE. 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Apèl la gratis epi li konfidansyèl.

www.ounce.org

Prevent Child Abuse
Florida

The Ounce of Prevention Fund of Florida

FLORIDA DEPARTMENT OF HEALTH

Seri Bwochi Sou Sekirite Timoun nan Kay

Kenbe lèy sou timoun yo.

Evite Pou Timoun Yo Pa Nwaye

Sipèvizyon granmoun se estrateji prevansyon ki *pi efikas* ki ka genyen.

LÈ TIMOUN YO AP GRANDI EPI AP PASE NOUVO etap devlopman nan lavi, anviwonman kote y ap evolye a ka gen nouvo danje pou yo. Elimine danje pou timoun se yon travay san bout nètale ki ogmante kantite tan sa pran anvan timoun lan ta mete tèt li nan sitiyasyon ki danjre.

Kenbe *lèy* sou timoun yo.

PIFÒ ENSIDAN NWAYAD RIVE NAN PISIN; men, timoun piti ka nwaye nan dlo ki pa pi wo pase de pous.

Timoun koule anba *dlo nan pisin rapidman e an silans, kote pifò timoun ki viktim nwayad disparèt nan mwens* **pase 5 minit.**

Kloti, baryè ak alam bay yon ti pwoteksyon anplis.

- Enstale kloti, alam pou pisin ak seri pòt oswa lòt kalite baryè depi sa posib.
- Toujou byen sekirize kouvèti sekirite ak baryè yo pou evite timoun yo gen aksè nan pisin yo, nan estasyon tèmal (spa) oswa jakouzi lè pa gen moun k ap itilize yo.
- Pa janm dezamòse yon alam oswa louvri pòt ki sèvi kòm baryè pou pisin lan.
- Aprann naje oumenm epi montre timoun yo kouman pou yo naje.
- Objè flotan ak leson naj paka ranplase sipèvizyon granmoun.
- Retire jwèt yo nan pisin lan oswa ozanviwon, sitou jwèt ou ka monte kouri sou yo.

Chak ane gen timoun ki **nwaye** *nan benywa, bokit, glasyè, basen, rigòl, fontèn, jakouzi, twalèt, bòl dlo pou bèt domestik ak ti basen.*

Pifò lanmò akoz nwayad rive lè paran an oswa moun kap okipe timoun lan vin distrè ak telefòn, sonèt pòt oswa lòt travay nan kay la.

Timoun ka nwaye nan sèlman kèk segonn. Si w pa ta wè yon timoun, tcheke dlo a an premye.

- Fòk toujou gen yon granmoun k ap sipèvize yon timoun lè l ap jwe nan dlo oswa ozanviwon kote ki gen dlo.
- Piga janm kite jèn timoun responsab yon timoun ki pi piti pase l oswa yon timoun l ap jwe avè l.
- Vide bokit yo imedyatman aprè w fin itilize yo epi mete yo tèt anba yon kote timoun lan paka rive jwenn yo fasil.
- Bese tèt chèz twalèt yo epi panse pou itilize yon seri pou klete oswa yon klip pou twalèt lan pou evite timoun piti al ouvri twalèt lan.